दिन—रविवार दिनांक—30.11.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे हालक कतेको घटनाक्रम भारतक नव सोच, नवाचार आ युवा शक्ति के दर्शबैत अछि। आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे श्री मोदी कहलनि जे हैदराबाद मे दुनियाक सभ सँ पैघ लीप इंजन एमआरओ सुविधाक उद्घाटन अथवा आईएनएस माहेक भारतीय नौ सेना मे सम्मिलित होयब वा देश मे स्काईरूटक इनफिनिटी परिसरक शुरूआत ई सभ एहि बातक प्रमाण थिक। प्रधानमंत्री कहलनि जे भारत पैंतीस करोड़ सात लाख टन अन्न केर उत्पादन कऽ ऐतिहासिक कीर्तिमान स्थापित कयलक अछि जे कृषि क्षेत्रक पैघ उपलब्धि थीक।

---

प्रधानमंत्री कहलनि जे राष्ट्रमंडल खेलक मेजबानी भेटब भारतक लेल गौरवक बात रहल। ओ कहलनि जे ई देश आ देशवासीक उपलब्धि अछि। श्री मोदी कहलनि जे ई मास भारत मे खेलक लिहाजे बेसी सफल रहल। भारतीय महिला टीम आईसीसी महिला विश्वकप जीतलक। प्रधानमंत्री कहलनि जे किछु दिन पूर्व टोक्यो मे डेफलिंपिक्स मे भारत एखन धरिक अपन सर्वश्रेष्ठ प्रदर्शन करैत बीस पदक जीतलक। ओ कहलनि जे भारतीय महिला खेलाड़ी लोकनि कबड्डी विश्वकप जीत कऽ इतिहास रचलनि आ देशक खेलाड़ी विश्व मुक्काबाजी प्रतियोगिता मे जीत कऽ शानदार प्रदर्शन कयलनि। श्री मोदी जनौलनि जे भारतीय महिला टीम एकहु मैच हारने बिना दृष्टिबाधित क्रिकेट विश्वकप जीतलक। ई सभ भारतीय के प्रेरित करैत रहत। श्री मोदी कहलनि जे ई मास कतेको प्रेरणा लऽकऽ आयल अछि। ओ कहलनि जे छब्बीस नवंबर के संविधान दिवस पर संसदक केन्द्रीय कक्ष मे विशेष कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। प्रधानमंत्री कहलनि जे वंदे मातरमक एक सय पचासम वर्षगांठक शुरूआत देशव्यापी कार्यक्रमक संग भेल। ओ कहलनि जे एहि मासक पच्चीस तारीख के अयोध्याक राम मंदिर मे धर्म ध्वजा फहराओल गेल आ उएह दिन कुरूक्षेत्रक ज्योतिसर मे पांचजन्य स्मारकक उद्घाटन कयल गेल। भारतीय नौ सेना मे आईएनएस माहे के सम्मिलित कयल जयबा पर प्रधानमंत्री कहलनि जे जखन भारतक सुरक्षा पारिस्थितिकी तंत्र मजगूत होइत अछि तऽ प्रत्येक भारतीय के गर्व होइत छनि। ओ प्रसन्नता व्यक्त कयलनि जे नौ सेना तेजी सँ आत्मनिर्भरता दिस बढ़ि रहल अछि। श्री मोदी लोक सभ सँ वोकल फॉर लोकलक मंत्र के अपनेबाक आग्रह

कयलनि। ओ एहि बात पर प्रसन्नता व्यक्त कयलनि जे लाखों लोक वोकल फॉर लोकलक भावना के अपन जीवनक हिस्सा बनौलनि अछि।

———————————————————————

अठारहम विधानसभाक प्रथम सत्र काल्हि सँ शुरू भऽ रहल अछि। सत्रक पहिल दिन सभ नव निर्वाचित सदस्य के प्रोटेम स्पीकर नरेन्द्र नारायण यादव सदनक सदस्यताक शपथ दियौताह। दू दिसंबर के विधानसभा अध्यक्षक निर्वाचन होयत। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां तीन दिसंबर के विधानमंडलक दुनू सदनक संयुक्त अधिवेशन के संबोधित करताह। चारि दिसंबर के राज्यपालक अभिभाषण पर चर्चा आ सरकारक उत्तर होयत। पांच दिसंबर के दुनू सदन मे द्वितीय अनुपूरक बजट प्रस्तुत कयल जायत। पांच दिवसीय सत्र मे विधानसभा भवनक सुरक्षा आ कानून–व्यवस्था बनौने रखबाक लेल विशेष प्रबंध कयल गेल अछि। विधानसभाक लऽगपास कोनो प्रकारक प्रदर्शन, जुलूस आ नाराबाजी पर रोक लगाओल गेल अछि।

———————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता आ महागठबंधन विधायक दलक नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कुमार सर्वजीत के विधानसभा मे मुख्य विरोधी दलक मुख्य सचेतक नियुक्त कयलनि अछि। कुमार सर्वजीत बोधगया सुरक्षित निर्वाचन क्षेत्र सँ नव निर्वाचित विधायक छथि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ सोनपुरक विश्व प्रसिद्ध हरिहर क्षेत्र मेलाक निरीक्षण करैत विभिन्न सरकारी आ गैर–सरकारी स्टॉल पर जा कऽ उत्पाद सँ संबंधित जनतब लेलनि।

दरभंगा मे उनतीसम जिला स्तरीय युवा उत्सवक आयोजन कयल जा रहल अछि। कार्यक्रम मे युवा लोकनि लेल सांस्कृतिक प्रस्तुतिक संग–संग साहित्य आ संस्कृति सँ संबंधित कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि।

मधुबनी जिलाक स्थापना दिवस काल्हि मनाओल जायत। एहि अवसर पर प्रसिद्ध गायक जसलिन मथारू अपन प्रस्तुति देतीह।

समस्तीपुर जिलाक सिंघीया थाना क्षेत्र अंतर्गत भरहर चौक लऽग हाई टेंशन तारक चपेट मे अयला सँ एक ट्रक चालकक मृत्यु भऽ गेलनि।

खगड़िया जिलाक कुतुबपुर गाम मे एक विवाह समारोह मे कयल गेल हर्ष फायरिंग मे गोली लगला सँ दुल्हाक मृत्यु भऽ गेलनि। पुलिस मामिलाक जांच कऽ रहल अछि।

———————————————————————————

समाप्त